**КАДГИН Е ÆЙ, ÆМА КАДГИН ГЪУДДÆГУТÆ АРАЗУНМÆ КА НÆ ЗИЙНАДÆ КÆНУЙ!..**



***ХЕТÆГКАТИ Геуæрги (1903-1975), æфсади инæлар, Советон Цæдеси Бæгъатæр: «Алцæмæй æнхæст æфсæддонæн исгъомбæлгæнæн нæййес, не 'фсади евгъуд æхсаргин цаутæмæ æргом æнæздахгæй. Æма æригон æфсæддон æнхæстæй ку балæдæра, æхемæ ке райста æма идарддæр ке хæссуй хестæр фæлтæрти тугъдон кадæ, айдагъдæр гъе уæд сæрбæрзондæй æма зæрдæхцæугæнæй æнхæст кæндзæнæй æ уæззау æфсæддон куст».***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№10 (979) 2025 анзи 22 мартъи – кæрдæгæзмæлæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## ЦАРД ХУÆРЗФЕДАУЦÆЙ АРАЗУНЦÆ ХУÆДЗУНД ÆМА НИФСХАСТ АДÆМ!..




Аци загъд, махмæ гæсгæ, парахаттæй зундгонд æй нæ дзиллæн, ахид ин ес фегъосæн, нæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау хъазауати туххæй ку рацæуй дзубанди, уæд. Гъо, æ зæгъун æнцон æй, фал æй бæлвурд гъуддагæй æнхæст кæнун ба уæззау хъиамæт æй.

Уомæн æвдесæн æнцæ нæ фидибæстон анзфинсти цаутæ æма хабæрттæ. Æма нæ адæми фæлтæртæ æносæй-æностæмæ еци хъиамæт фæразунгъон исуиуонцæ. Уæхæн фæразунгъон æнцæ нæ нури фæлтæртæ – нæ хуæздæрти хуæздæртæ абони Уæрæсей сæрбæлтау æхсаргинæй тох кæнунцæ сæрмагонд æфсæддон операций рæстæг.

Еугур еци хабæртти туххæй нæ газети финстан нуриуæнгæ дæр, имисдзинан сæ идарддæр дæр. Уæлдайдæр ба аци анз нæ Цитгин Уæлахезбæл цуппаринсæй анзи ке æнхæст кæнуй, уæдта 2025 анз æхуæдæг ба Фидибæстæ гъæуайгæнæги Анзбæл нимад ке цæуй, уомæ гæсгæ.

Мæнæ абони ци æрмæгутæ мухур кæнæн, уонæй уин кæцидæртæ, æвæдзи, зонгæ разиндзæнæнцæ, бакастайайтæ сæ нæ газети дæр. Фал уин сæ уæддæр нæуæгæй æримисæн, цæмæй зундгонд уонцæ фулдæр адæмæн, уæлдайдæр ба нæ ирæзгæ фæлтæртæн. Уони бæрни уодзæнæй нæ Райгурæн бæсти исонибон, æ кадæ æма ин æ намус багъæуай кæнуни ахсгиаг ихæс. Æма цæмæй уодигъæдæй федар, Райгурæн бæстæбæл æновуд æма æ сæрбæлтау тох кæнунмæ цæттæ уонцæ, уой туххæй син лæдæрд уа мæнæ аци, зæгъун æнгъезуй, еугурадæмон фæдзæхст:

# «ЕС УÆХÆН ДÆСНИЙАДÆ – ФИДИБÆСТÆ ГЪÆУАЙ КÆНУН!..»



Владимир РУТШТЕЙНИ конд хузæ: «Тугъдонтæ. 1941 анз». Ист æй социалон хизæгтæй.

## АХСГИАГ ГЪУДДАГ



### ЛÆГИГЪÆДГУН АДÆЙМАГ АЛКÆМИДÆР УÆЛАХЕЗОН ÆЙ

Нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Плати Альбини** разамундæй адтæй сæрмагонд республикон программæ «Иристони тугъдон намус» æнхæст кæнуни фарстати фæдбæл комитети æмбурд.

Профилон республикон министрадтæ æма ведомствити разамонгутæ, муниципалитетти бæрнон косгутæ, æндæр структурити минæвæрттæ лæмбунæг æрдзурдтонцæ программæ царди рауадзуни фарстатæбæл.

«Иристони тугъдон намус» æнхæстгонд цæудзæнæй къæпхæнгай. Программи фиццаг къæпхæн – æ архайгути регистрацибæл куст райдæдта 1 мартъий. Абони уæнгæ бал программи архайуни фæдбæл курдиæттæ балæвардтонцæ сæрмагонд æфсæддон операций 200 ветеранемæй фулдæр. Уæхæн курдиæттæ бадæттуни æмгъуд уодзæнæй аци мæйи кæронмæ.

Программи дуккаг къæпхæнбæл кандидаттæн исараздзæнæнцæ аллихузон тестæ æма æндæр фæлварæнтæ. Уони бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ экспертон къуæрттæ иснисан кæндзæнæнцæ хуæздæрти номхигъд. Еци адæмæн программи бундорбæл сæрмагонд профессион цæттæдзийнади ахуртæ райдайдзæнæнцæ августи…

Плати Альбинæ организацион комитети еугур иуонгтæ æма муниципалитетти разамонгутæн загъта, цæмæй программи фæлгæти ци мадзæлттæ нисангонд цæуй, уони бæрзонд ахедундзийнадæ еудадзуг сæ зæрдæбæл даронцæ. «Еугур фадуæттæй дæр байархайун гъæуй, цæмæй сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма ветеранти профессион гъомус раргом уа, цæмæй хуæрзæрдæмæ исахеда æхсæнади цардбæл», – бафеппайдта Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг.

Зундгонд куд æй, уотемæй республикон нисанмæ арæзт программæ «Иристони тугъдон намус» æ тухи бацудæй, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** 2025 анзи 21 феврали ци Указ бафинста, уой бундорбæл. Æ нисан æй сæрмагонд æфсæддон операций раздæри архайгути æргом æхсæнадон кустмæ раздахун, сæ профессион гъомус син раргом кæнун, цардархайди алли къабæзтæн дæсни специалисттæ цæттæ кæнун.

Цæгат Иристони Сæргълæууæг æма Хецауади пресс-служби минæвар куд фæббæрæг кодтонцæ, уотемæй программæ æнхæстгонд цæудзæнæй Уæрæсей Президенти размæ Адæмон хæдзарадæ æма паддзахадон служби уæрæсейаг академий специалистти агъазæй.

***КОЧЫСАТЫ Мухарбег (1920-1944), поэт, Стыр Фыдыбæстон хæсты архайæг: «Лæгæн зынаргъ куыннæ вæййынц йæ бинонтæ, йæ мад! Лæгæн зынаргъ куыннæ вæййы йæ рæзгæ бонты цард! Фæлæ уæддæр, ныййарæг зæхх, дæуæн æмбал кæм и!.. Фыдыбæстæ, дæуæй мæнæн зынаргъдæр, адджындæр нæ уыдис æмæ нæй. Æрмæст дæ кой, дæ буц ном дæр ыстыр ныфс у лæгæн...»***



ХЕТÆГКАТИ Хъазбеги конд хузæ.

# ФИДТÆЛТИ НАМУС



**ДЗУГАТИ Барис**
(1922-2001)
журналист,
Устур Фидибæстон тугъди архайæг

Минкъий бунтæ нæ байзадæй ирон адæми нури фæлтæрæн дæр. Нуриккон адæмтæн сæ бон раппæлун цæмæй æй, еугур еци гъæздугдзийнæдтæй æнæ хай нæ фæцан мах дæр. Муггагмæ æнæмæлгæ искодтонцæ сæхе нæ адæми хуæздæр хъæболтæ сауæнгæ нæуæг цардарæзтбæл тохи æнзти. Мамсурати Сахангери æма Цæголти Геуæрги, Дзæрæхохти Хаджимурат æма Хъесати Колка, Зорттати Урусбий æма Дзаттиати Александр, революций æма медбæстон тугъди берæ æндæр бæгъатæртæ райгъусун кодтонцæ сæ райгурæн Иристони кадæ, æнæгъæнæ бæстæ дæр уони фæрци базонгæ ’й сæ уарзон адæми зунди хæццæ, хъаурæ æма нифси хæццæ.

Ирæзгæ цудæй нæ фидтæлти намус нæуæг доги знæгти хæццæ æгъатир тохи æнзти, фиццаг советон фондзанзонтæ цардæгас искæнунбæл уодуæлдай кустæй, ахурмæ разæнгарддзийнадæй, æхсæнади гъуддаг хе пайдайæй уæлдæр ке æвардтонцæ, уомæй. Абони дæр ма нæ хестæртæ хуарз гъуди кæнунцæ, Иристони реубæл бæгъатæр фæллойни бæрæггæнæнтæ – фиццаг ордентæ ку исæрттивтонцæ, еци еугурадæмон цийнæ æма æгæрон сæрустурдзийнади, кадæ æма æведуйгæ разæнгарддзийнади бонтæ.

Æрдхуæрæни лæгдзийнадæ равдистонцæ ирон адæми хъæболтæ Устур Фидибæстон тугъди рæстæг. Æцæг амонд син ка ’рхаста, еци Октябри уæлахезтæмæ цифуддæр знаг æ къох ку исиста, бæлах нин нæ еумæйаг хæдзари дуар ку ниххуаста, уæд æ гъæуайгæнæг æнсувæрон адæмти берæ хъæболти хæццæ усхъæй-усхъæмæ æрлæудтæй нæ бæгъатæр дæр. Зæнхæбæл еци тæккæ æверхъаудæр тугъди сæ нæргæ кадæ райгъустæй æма историй сугъзæрийнæ дамугъатæй финстæй байзадæнцæ Плити Исси, Хетæгкати Геуæргий, Мамсурати Хаджумари, Советон Цæдеси берæ Бæгъатæрти, мингай тугъдон орденхæсгути нæмттæ, абони æма федæни фæлтæрти, зæнхæбæл цард мæлæти дзæмбутæй бахезуни сæрбæлтау æ цард ка равардта, еци зингхуст æхсаргинти нæмттæ.

Нæ фæккиудтæй нæ фидтæлти намус тугъдæй рист зæнхи нæуæгæй уод уадзуни уæззау æнзти. Нæ бæсти еугур æнсувæрон адæмти агъази фæрци Иристони фæллойнæгæнæг дзиллитæ цубур æмгъудмæ иссæнцæ домбай къабазгин промышленности æма гъæууон хæдзаради хецæуттæ. Сæ зундгин хестæрти фæнзгæй, сæрæндæртæбæл, арæхстгиндæртæбæл ахур кæнгæй, цудæнцæ нæ адæм еу æнтæстæй иннемæ. Фæстаг æнзти нæ гъуддæгутæ ке фæккиудтæнцæ, размæ ке нæбал комунцæ, е дæр, нæхебæл æгæр ке фенвæрстан, «фæстезад», æнахургонд хестæрти фæнзун нæ сæрмæ ке нæбал хæссæн, нæ еци æведауцæ хъал миуи фуд нæй? Нурма беретæ гъуди кæнунцæ, тугъди размæ Иристони гъæути колхозонтæ сæ бакуст хуар сæ тургъи калун ку нæбал уагътонцæ, ци ’й фæккæнæн, цæмæн нæ гъæуй уойбæрцæ, зæгъгæ, уæд. Мадта сæ равналæнтæ нури уæнгæ кæбæлти идард адтæнцæ! Фал… зæнхæ дæр, сæхе дæр нæ сайдтонцæ, ами тъæпп уоми тъæпп æвнæлдтитæ нæ кодтонцæ æма сæ фæллойни бæркад дæр æндæр уомæн адтæй.

Æз ма кæддæр финстон фидтæлти фарнæ гъæуайгæнгæ ’й, уой туххæй. Ка ’й зонуй, еске зæгъа, иссирдта анхосæгтæ! Нæ, æз мæхемæ еци нифс нæ есун, æма минкъий рæдудæй уавæрæн аргъ искæнон. Фал цийфæнди унаффити, цийфæнди хецауади, цийфæнди техникæ æма гъæцæнти æуууæлти дæр сæйраг рахуæцæн, æ мард макæд фесæфа, фæллойнæ, æцæг фæллойнæ, æнæсайд, арæхстгин фæллойнæ ’й. Мæ зæрдæбæл хуарз лæуунцæ мæ синхи хестæртæ: цæйбæрцæ сæ гъуди кæнун – алкæддæр сæ нимæтходтæй сæ хед сæрфтонцæ, сæ сæр сæ хæрдмæ исдарунмæ нæ евдалдæй. Махбæл, сæ фæсте фæлтæртæбæл, мæтæ æма сагъæсæй, сæхецæй нæ амалгундæрæй ниууадзунбæл, нæ къох цæмæй амона, уобæл сагъæсæй. Нæ сæ фæндадтæй, ци исаразонцæ, историй ци ниффинсонцæ, уой туххæй сæ байзайæггæгтæ сурх кæнонцæ, е.

Кадæбæл мæлæг адтæнцæ, зæгъианæ, æма нин тæрегъæд дзубанди уодзæнæй, – сæ хедвæллойнæй, се ’рдхуæрæн лæгдзийнадæй æй æфтудтонцæ сæхебæл.

Адæймаг ци æнтæстдзийнадæ райгурун кæна, е ин кадæ хæссуй. Æма исæрттивтонцæ Фæллойни Бæгъатæрти Сугъзæрийнæ майданти Æхсæрисæри æма Черменигъæуи, Хумæллæги æма Елхотти, Брути æма Æрæдони… Уарзгæй, арфити хæццæ зæгъунцæ абони нин еци кадæ æрхæсгутæ Боллоти Полий æма Алæгати Темурбий, Æлбегати Харитони æма Багати Назирæти, Дзгойти Ерuслани æма Годжицати Назой æма ма берæ бæгъатæрти нæмттæ.

Царди цийфæнди къабазæ дæр райсæ æма кæми ба нæ бафтудæй Иристони къохи агъазиау æнтæстдзийнæдтæ! Еу фондзанзонæй иннемæ, еу анзæй иннæ анзмæ гъомусгиндæр кæнунцæ нæ адæмон хæдзарадæ æма културæ.

Æмбæлгæ гъуддаг æй, ке зæгъун æй гъæуй, фæсевæд нæ разагъди хестæртæй æма сæ нæртон гъуддæгутæй сæрустур ке ’нцæ, е. Уомæй хуæздæр ба ’й сæ фæнзун. Сæ тохи æма фæллойни æскъуæлхтдзийнæдтæй уæлдай ма сæ адæймагуарзонддзийнадæ æма сауæнгæ фæлмæн, нифсæфтауæг цъухи дзурд дæр. Айдагъдæр уотемæй цæунцæ фæнзуйнаг æгъдæуттæ еу фæлтæрæй иннемæ – никки гъæздугдæрæй, никки зæрдæмæдзæугæдæрæй. Амондгун æма арфиаг уой туххæй æнцæ нæ фæсевæд, уæхæн зунд сæмæ ке ес, фидтæлти намус сæхе æцæг намуси гъуддæгутæй фулдæр кæнунмæ ке бæллунцæ. Уомæн æма зонунцæ, нæ абони æнтæститæ, нæ абони уæлахезтæ адæмти ’хсæн еци домбай, æнæихæлгæ хæлардзийнади фæрци ке ’нцæ.

Фал, гъулæггагæн, нæ кæстæрти ’хсæн разиннуй æнæргъуди, рæуæгзунд биццеутæ æма кизгуттæ дæр. Махмæ ес уал æма уал бæгъатæри, уал æма уал ахургонди! – æнæфсармæ, хеппæлойнæ хуаст кæндзæнæй æ реу уæхæн хъуæлæгсæр… Ка ’й, ци ’й, уомæ ку æркæсай, уæд гъæуама разинна магоса, лæвархуар, хускъæастæу, загъдкъахæг, æгъдау æма уагæ хестæр-кæстæр нимади дæр кæмæ нæ ’нцæ, æхсæнадæн ести пайда æрхæссун æ зæрди кæрони дæр кæмæн нæ ’й, царди бæлвурд бунат байахæссунгъон ка нæ ’й, уæхæн нецæййаг уоди хецау. Мæнæ бæсти рунæ ке фæххонунцæ, уæхæн.

Ке бæрнæхсти кодтонцæ сæ тухстагдæр гъуддæгутæ, кæбæл æууæндтæнцæ гъæубæстæ, комбæстæ, Иристон æнæгъæнæй? Сæргинтæбæл, гъай-гъай? Фал уæхæн сахат хъæбæр нимади цудæй, ка цæйбæрцæ фæууидта, фулдæр лимæнтæ си кæмæн адтæй. Ескæмæ æ кæсгон æрдхуард, æ хъазахъаг зонгæ фæззиндтæнцæ, зæгъгæ, уæд е еугур синхбæсти, æнæгъæнæ гъæубæсти бæрæгбон адтæй, æ фусунмæ хицæгæнгутæ нимайæ æма нимайæ…

Дууæ хъаугъагæнæгемæй фæстагмæ еу зундгиндæр гъæуама разинна, æхебæл æрхода æма æ фæсмонбæл инней бауууæндун кæна, уæд æй е дæр фæнздзæнæй. Е дæр нин нæ курухон хестæртæй байзайгæ зунди хуасæ ’й. Дарæн æй нæ зæрдæбæл, устур, æнæууилд дзурд нæ исервæзун нæ уадзуй. Растдæр зæгъгæй, нæ уагъта, нур кæмæйдæрти иронх кæнун байдæдта. Æхе ка нæ уарзуй, е рамæлæд – ка нæ фегъуста еци ирон æмбесонд? Æхецæй æндæр ке неке уарзуй, е ба еугуремæн тæрегъæддагдæр, æлгъистагдæр адтæй.

Хуарз зунд, æнæрæдуд унаффæ уæлдай хъæбæрдæр зин сахатти гъæунцæ. Мæнæ нуртæккæ нæ бæсти еуæй-еу рауæнти ци тухст уавæр исæвзурдæй кæцидæр адæмти ’хсæн рахастдзийнадти, уæхæни. Еске дæ фæрæхуста æнæргъуди загъдæй кенæ гурумухъ миуæй æма ин æ фийййи бунмæ киунугутæ телæ, мæнæ кæсай, мæ фидтæлтæ ка адтæнцæ, уомæ! Хе цардвæндаг зонун гъæуй, æнæмæнгæ, фал цæйбæрцæ гъæздугдæр æй, уойбæрцæ хуæдæфсармæдæр ун æнгъезуй нæуæг фæлтæртæн – истори ма махæй фæстæмæ кадæртæ ахур кæнуй, зонуй, æма цæйбæрцæ æхцæуæндæр æй, æндæр еске дæ хуарзи кой ку ракæна, уæд! Хеппæлойнæ еугур адæмтæн дæр æма еугур æности дæр гъазæнгъолæ адтæй, ходуйнаги хуасæ.

Еуæй-еуети æнæргъуди, æнæгъæуаги хеппæлойнæ миутæ ба ескæмæн хе туххæй дæр бауарзун кæнуни хузæн æнцæ. Мах адæм ба уомæ не ’рхаудтæнцæ, уой сæр сæ нæ гъæуй, Хуцауæй арази. Ци ’нцæ уодикондæй дæр, сæри магъзæй дæр, нифсæй æма цийфæнди гъуддаги дæр, уой айдагъ нæ бæсти нæ зонунцæ. Кæцидæр хъуæлæгсæртæ, еуæй-еу хатт æ сæрæн неци зонæг æнæгъæнæ адæми номæй дзоруни нифс æма барæ сæхемæ есгæй, цæсти æфтаунцæ хуарз ном, думгæмæ дарунцæ, берæ фæлтæртæ, кедæр загъдау, сæ уодæй арт фæццæгъдгæй, иннæ адæмти ’хсæн ци зингæ бунат байахæстонцæ, уой. Хуæддзойæй æхецæй фæтæг исуни фидбилизи зунд кæмæ фæззиннуй æма иннети дæр фидбилизи надбæл ка ардауй, уæхæн æнæргъудитæ æлгъистаг исунцæ фæстагмæ адæмæн.

Кенæдта – фæразондзийнадæ. Уомæ неке седуй, æма цавддорау фæууо, еске дин дæ уадолæ никъкъæрцц ласта, уæд имæ дуккаг дæр бадарæ, дæ лæги кадæ дин къæхти буни кæнæд, дæ адæми кадæмæ дин æнæнвæрсон кæститæ кæнæд, уæд. Фал, гæрр, е ку нæ лæууй, уæд æз цæмæй æнæлæгдæр дæн, зæгъгæ, гъæуа нæ гъæуа, уæддæр знæт кæнæ, е, кæмæ бабæллай, уæхæн менеуæг нæ ’й. Ма ди баруагæс уæд, дзурдкъахгути ’рдигæй дæр зундгин, берæзонагæ лæг нæ разиндзæнæй æма æхеуæнтти сæхебæл не ’рходун кæндзæнæй, е. Фæстагмæ фарнæ ’рцæудзæнæй. Е цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте дæр уæд, уæддæр нæ фæззиндзæнæй, уæхæн аци зæнхæбæл нæма адтæй. Æма ма уæд нæ цæститæбæл рауайун кæнæн, е ’нæргъуди, е 'нæбунати миутæ сæргубурæй берæ рæстæг ке фæццæун кæндзæнæнцæ, еци фæсмойнаги.

Куд зинтæй æрцæуй нæргæ кадæ! Берæ фудæбон, æнаййеп цард домуй, берæ æнзти дæргъи имæ фæццæуй адæймаг, æнæгъæнæ адæм ба – сæдæгай æнзтæ. Фал æ еунæг æнæргъуди миуæй æвæд æрбакæндзæнæй, кæддæри æгæрон намус руги хузæн æрбатайдзæнæй, æзини хуарз ном муггагмæ фæсмойнаг æма уайдзæфæй байзайдзæнæй. Уой туххæй нин нæййес махæн рæстæг дзæгъæли исафæн, уомæн нæ гъæуй дустæ арф бахатун, цæмæй Иристони зæнхæбæл фæллойни кадæ кеун нæ бауадзæн.

Уой туххæй нин уотæ хъæбæр гъæуайкæнуйнаг æй нæ гъæздуг, алкæмæн дæр хъæбæр цæстуарзон, алкæмæй дæр рæвдуд фидтæлти намус.

**Цуппаринсæй анзей размæ (1945 анзи 28 мартъий) 2-аг Белоруссаг фронти æфсæдтæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кодтонцæ Польший сахар æма агъазиау порт Гдыня.**

***Дзæуæгигъæуи 47-аг скъолай æрæги байгон кодтонцæ тугъдон-патриотон музей. Фæууинæн си ес Устур Фидибæстон тугъди рæстæги нæ адæми хъазауатон архайд æвдесæг æрмæгутæ, скъолай рауагъдонтæй терроризми нихмæ мадзæлтти æма сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй ка фæммард æй, уони къартæ сæ бæгъатæрдзийнади туххæй финстæгути хæццæ.***



*Фæууагътайтæ уæ хæдзарæ,*
*Хуæрзæригæнттæ уогæй,*
*Нæ адæмæн сæребарæ*
*Балхæдтайтæ уæ тогæй.*



ГУЦАТИ Аслан

ГУЦАТИ Олег

# ÆДЗАРД ÆНСУВÆРТИ ЗÆРДРИСТÆЙ ИМИСУНЦÆ ДЗИЛЛÆ...

Уомæй æверхъаудзийнадæ дæр ци уа, æма æнæнгъæлти фенæхай уо, дæ биййонтæн нифс æма сæрустурдзийнадæ ка адтæй, дæ еци цардмондаг дууæ фуртемæй, фæд-фæди дин банæхстæр уæнтæ æносон дуйнемæ…

Гъе уæхæн фудбæлах æрцудæй Киристонгъæуи цæрæг Гуцати Феликс æма Галини биййонтæбæл. Сæ фурт Аслан бæгъатæрæй фæммард æй сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй. Раст е 'вæрæн бони ба мæрдадзи хъонц кæнгæй, æнай-æнойти æ рист зæрдæ æ кустæй æрлæудтæй æ хестæр æнсувæр Олегæн. Е дæр сæрмагонд æфсæддон операций архайæг, цубур рæстæги æмгъудæй æй рауагътонцæ е 'дзард æнсувæри мæрдæгъдæутти фæуунмæ. Æма…

Æ зæгъунæн дæр аккаг дзурдтæ иссерæн кæмæн нæййес, уæхæн æверхъаудзийнадæ æрцудæй биййонтæбæл. Уой фæдбæл хъæбæр берæ дзиллити зæрдитæ фæрристæнцæ, абони дæр ма зæрдристæй хъонц кæнунцæ. Уомæн æма аци дууæ лæхъуæни айдагъ сæ биййонтæн нæ, фал синхбæстæн дæр, гъæубæстæн дæр æма никки æндæр дзиллæн дæр уарзон æма зæрдтагон адтæнцæ.

Гуцати Аслан æма Олег райгурдæнцæ Дигорай хуæрзхумæтæг, фал хæларзæрдæ æма хуæрзæгъдау биййонти 'хсæн. Уой уомæ гæсгæ баханхæ кодтон, æма еци фæткæ æнхæстæй фæббæрæг æй æнсувæрти уодикондбæл дæр. Куд байлæгъ кæнгæ цудæнцæ, утæ федауцæй-федауцæдæр кодтонцæ арфиаг менеугутæ сæ кари гæнæнтæмæ гæсгæ, æнæзийнадæй агъаз кодтонцæ сæ ниййергутæн дæр æма сæ хестæр хуæртæн дæр хæдзари кустити. Гъе утемæй цард дæр æ цуди кой кодта: фæййевгъудæй син æфсади рæнгъити службæ, кодтонцæ хе биййонти хабæрттæ, сæ кæстæртæбæл ауодудтонцæ, мадта кусти дæр фæнзуйнаг адтæнцæ...

Уæдмæ ралæудтæй 2022 анзи феврали мæйæ. Нæ еугуремæн дæр зундгонд æй, уæд ци цаутæ райдæдтонцæ, е. Уæрæсей багъудæй, æ нихмæ ин фудвæндитæ ка аразта æма 'й бабун кæнунмæ ка гъавта, уонæн карз нихкъуæрд раттун. Уомæ гæсгæ арæзт æрцудæй сæрмагонд æфсæддон операци.

Куд нæ бæсти еугур рæстзæрдæ дзиллити, утæ Гуцати æнсувæрти дæр æнцад-æнцойнæ нæбал уагътонцæ, Уæрæсей сæрбæлтау тох кæми цудæй, еци рауæнти цаутæ æма хабæрттæ. Æ биййонтæн цæмæй сæ зæрдитæ ма дзурдтайуонцæ, уой туххæй син зæгъгæ дæр неци кодта, утемæй фиццагидæр службæ кæнуни туххæй бадзурд бафинста кæстæр æнсувæр Аслан. Æ хæццæ ка тох кодта, етæ куд дзурдтонцæ, уомæ гæсгæ не 'мзæнхон лæхъуæн æхе хъæбæр æхсаргинæй æвдиста, раст цума мæлæт нæдæр æ гъудий дæр нæ адтæй, нæдæр ба си тæрсгæ дæр нæ кодта. Еу тугъдон лæг кæддæр утæ загъта, гъома, мæлæтæй нæ тæрсун, зæгъгæ, дæ ка æууæндун кæна, е дæ сайгæ кæнуй, мæлæтæй æнæ тæрсæн нæййес, фал ин дæ сæрæй ба ма ковæ, архайæ си тухгиндæр разиннунбæл, дæхе си багъæуай кæнунбæл. Ка 'й зонуй, Аслан уобæл гъуди дæр кодта, уæдта си æхе багъæуай кæнунбæл дæр архайдта. Фал æй æргомæй ба некæци уавæрти æвдиста. Æма син сæ къуарæн ескæци æфсæддон ихæс ку æрæвæриуонцæ, уæд «Левæ» (уæхæн адтæй æ фæсномуг), еугурей разæй ратундзидæ æ исæнхæст кæнунмæ. Уоййасæбæл уодфедар уогæй ба ма адтæй алæмæти дессаги фæлмæнзæрди хецау дæр. Куд иннæ тугъдонтæ, утæ Аслан дæр æхецæн фæндитæй нифситæ æвардта, сæрмагонд æфсæддон операци фæууодзæнæй æма бабæй сабур цард ралæудзæнæй, цийнаг гъуддæгутæ аразун багъæудзæнæй. Уобæл сагъæс кæд кодта, уæддæр ин сæйрагдæр ба бал адтæй æ уæди хъазауат: цифæндиййæй дæр æ Райгурæн бæстæ фудæзнæгтæй багъæуай кæнун.

Гæнæн æма амал куддæр фæууидæ, утæ æ хеуæнттæмæ фæххабар кæнидæ, ци æма куд æй, уой. Фал 2024 анзи майи мæйæй фæстæмæ ба си неци хабар бал адтæй, æ хæццæ бастдзийнадæ нæбал адтæй... Æма еци уавæр тухстаг куд нæ иссайдæ æ хеуæнттæн. Уомæ гæсгæ ба æ хестæр æнсувæр Олег дæр исфæндæ кодта сæрмагонд æфсæддон операций архайунмæ рандæун – утемæй ин уодзæнæй равгæ Райгурæн бæстæ æ реуи æмбæрцæ багъæуай кæнунæн дæр æма е 'нсувæри байагорунæн дæр. Æ тугъдон фæсномуг иссæй «Дигорон». Æ хеуæнттæ ин фæдзахстонцæ, цæмæй æхе дæр багъæуай кæна æма сæрæгасæй фæстæмæ исæздæха æ фидиуæзæгмæ.

Фал тугъд тугъд æй, алцидæр си æрцæуй. Æма Олег фиццаг хатт ку фæццæф æй, уæд ин æ хеуæнттæ куд нæ тарстайуонцæ, еци корæги си курдтонцæ, цæмæй æ бадзурд ниййхала æма æ хæдзарæбæл исæмбæла. Фал уомæн (нæкæси, адтæй Цæцæни тугъди цаути архайæг) уæхæн уодигъæдæ нæ адтæй, æма еци уавæрти æхе фæттиллеф кæна, уой æ сæрмæ хæсгæ дæр не 'ркодтайдæ. Федарæй иснет кодта æ тугъдон ихæс кæронмæ исæнхæст кæнун.

Аслани агоргæй рæстæг еци уæззауæй ниддæргъвæтийнæ 'й. Аст мæйей дæргъи æ хуæртæ, æнсувæр, цардæмбал сæхе кумæ нæ бахаттонцæ, уæхæн рауæн, æвæдзи, нæбал байзадæй, сæ зæрдитæ дардтонцæ, агурдтонцæ, æнгъæлмæ кастæнцæ... Æцæг нин сæрæгас уæд, зæгъгæ... Сæ цæстисугтæ къанæуттæй уадæнцæ. Кувтонцæ нæ Исфæлдесæгмæ... Аслани æмбæлттæ сæмæ цæстуингæ æрмæг æрветгæ дæр ма искодтонцæ. Уоми таргъæди адаги Аслан, цæф угæй, бадуй, еугур цола ниццæй, фал уæддæр идзулдæй æма утемæй дзурдта: «Æмбæлттæ, ма тухсетæ, фæййервæздзæнæн...» Еци сау бон Асланæн равгæ адтæй, тугъд кæми цудæй, уордигæй хуæдтолги рабадун æма фæййервæзунæн, фал ма адаги разиндтæй, уомæй никки уæззаудæр уавæри ка адтæй, уæхæн цæф æмтугъдон лæхъуæн æма 'й уоми утемæй ниууадзун ба æ сæрмæ не 'рхаста...

Биййонти зæрдити ма ци нифси цæхæр æрттивта, е бустæгидæр рахустæй, Феликс æма Галини хæдзарæмæ æфсæддон комиссариати косгутæ дуар ку бахуастонцæ æма син сæ фурт Аслани фæммарди сау хабар ку фегъосун кодтонцæ, уæд. Сæ зæрдитæ фæркитæфæркитæй куд нæ ратудтонцæ, еци усми... «Гæрр, мадта, нæ бæдоли идзулгæ цæсгон некæдбал фæууиндзинан, æ фæлмæн цъухи дзурдæй æмирæртæст бацан...», – игъустæй ниййерæг мади гъарæнгæ.

Аслани фæммарди хабар Олег ку фегъуста, уæд сæ командирæй æхе ракурдта, цæмæй ин барæ ратта е 'нсувæри уæддæр ма æ фæстаг надбæл рафæндараст кæнунæн.

Сæхемæ ку иссудæй, уæд ин хеуæнттæй дæр æма æ зонгитæй дæр кадæртæ лигъстæ дæр кодтонцæ, цæмæй фæстæмæ сæрмагонд æфсæддон операцимæ мабал раздæха, – дæ ниййергути дæу агъаз ами хъæбæрдæр гъæуй, зæгъгæ, ин бæргæ дзурдтонцæ, фал син лæвардта еци-еу дзуапп:

– Бæргæ 'й лæдæрун, нуртæккæ мæ мадæ æма мæ фиди уæлдай хъæбæрдæр ке гъæуй цæмæй сæ рази уон, е... Фал мæ тугъдон æмбæлтти æууæнкæ куд фæссайуон. Уæдта ме 'знæгтæй ме 'нсувæри æма уой æдзард æмтохгæнгути тог дæр райсун ку гъæуй... Æма мæнæ ме 'нсувæри мард байвæрон, уæдта фæстæмæ уордæмæ раздæхдзæнæн, мæ ихæстæ æнæгъæнæй исæнхæст кæнгæй ба нæхемæ зиндзæнæн... Нуртæккæ мæн сæр тугъди будури хъæбæрдæр гъæуй, уæдта ме 'мбæлттæбæл æз гадзирахаттæй нæ рацæудзæнæн!»

Уæхæн зæрдитæ син бæргæ æвардта фал... Аслани æвæрæн бони Олег арæхстгай бацудæй æ кири размæ æма дзæвгарæ рæстæг æдзинæг кæсæ ин фæккодта æ къарæмæ. Цæмæй æй лæдæрдтæй уой, æма суткæ нæбал рацæудзæнæй, уæдта æхуæдæг дæр банæхстæр уодзæнæй æносон дуйнемæ, æмвæрстæ æрæнцайдзæнæй е 'дзард æнсувæри фарсмæ. Аслани ци бон æвардтонцæ, раст еци бон банцадæй Олеги зæрдæ дæр æ кустæй... Нæ ниффæразта еци æгæрон устур зинæн... Куд рабæрæг æй, утемæй знаги фætти æрхъезтæй æ бауæр еугур сихирна адтæй, еу ба си зæрдæмæ хæстæг исæмбалдæй.

Адæймагæй фæразондæр æма бухсондæр искондадæ, æвæдзи, неци ес аци зæнхæбæл. Фал уæддæр куд бафæразтонцæ Гуцати биййонтæ æртæ бонемæ дууæ цæрæццаг лæхъуæни байвæрун?

Аслан æма Олег багъæуаги, сæ уодтæн нæ тæрсгæй, равдистонцæ алæмæти агъазиау хъазауатдзийнадæ, Фидибæсти сæрбæлтау сæ цард раттунмæ цæттæдзийнадæ. Сæ фæсмæрдæ син Райгурæн бæсти 'рдигæй дæр устур аргъгонд æрцудæй: исаккаг син кодтонцæ бæрзонд æфсæддон хуæрзеуæг – Лæгдзийнади ордентæ.

Гуцати биййонтæ ци уæззау цæфтæн ниффæразтонцæ, уой зæгъунæн аккаг дзурдтæ иссерæн нæййес, ауæхæн уавæри æгæр кадавар разиннуй нæ бæркадгин æвзаг. Фал æй зæрдæй ба бæргæ лæдæрæн æма хъонц кæнæн. Ресунцæ нæ зæрдитæ уобæл, æма не 'хсæнæй ке фæгъгъудæнцæ, уоййасæбæл заманай лæхъуæнтæ, ресунцæ нæ зæрдитæ уобæл, æма седзæртæй ке райзадæнцæ сæ бæдæлттæ, сæ цæстисуг бауорамунгъон ка нæбал æй, сæ еци хуæрти тухстдзийнадæбæл... Мадта фидæ æма мадæ ба ци уавæри 'нцæ, уой ба адæймаги зæрдæ зæгъун дæр нæ фæразуй. Æнафони седзæргæстæй райзайгæ силгоймæгтæн ба сæ зæрдити арф гъæнтæ нæбал байгас уодзæнæнцæ.

... Рандæнцæ уæлæрвтæмæ дууæ 'нсувæри, сæ фæсте ба адæмæн имисунæн ниууагътонцæ сæ рохс нæмттæ, сæ æгæр рацубуртæгонд цæрди рæстæг син ци арфиаг гъуддæгутæ исаразун бантæстæй, уони...

***ЕЛБАЙТИ Агнессæ***

**Цуппаринсæй анзей размæ (1945 анзи 23 мартъий) советон æфсæдтæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кодтонцæ Венгрий сахар Секешфехервар.**

***Номдзуд инæлар Иван ХИЖНЯК (1893-1890) Сурх-Дигорæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнуни тугъдтити рæстæг адтæй 11-аг корпуси командир. Æма æ имисуйнæгти куд баханхæ кодта, уотемæй еци тугъдтитæ адтæнцæ Цæгат Иристони зæнхæбæл уæди тугъдтитæн сæ тæккæ карздæртæй. Не 'фсæддонтæ, куд рæнгъонтæ, уотæ сæ командиртæ дæр бавдистонцæ***



**Нæ цитгин Уæлахезбæл цуппаринсæй анзи ке æнхæст кæнуй, еци агъазиау цауи фæдбæл Цæгат Иристони арæзт æрцæудзæнæй берæ аллихузон цитгингæнæн мадзæлттæ. Уонæй еу – фæззиндзæнæй нæмæ кадгин ном «Тугъдон æхсари цæрæн рауæн». Уой фæдбæл унаффæ æрæги хаст æрцудæй нæ республики Парламенти Совети æмбурди. Æма куд нисангонд цæуй, уотемæй фиццагидæр аккаггонд æрцæудзæнæй Сурх-Дигорæн, Елхоттæн æма Гизæлæн.**

**Устур Фидибæстон тугъди рæстæг немуцаг-фашистон æрбалæборгутæн ку бантæстæй Цæгат Иристони кæцидæр рауæнтæ рæстæгмæ байахæссун, уæд уæлдай карз тугъдтитæ цудæй аци гъæути фалдзости. Уобæл раздæр дæр мухур кодтан хецæн æрмæгутæ. Абони ба уин уонæй уæ зæрдæбæл æрлæууун кæндзинан еу æрмæг.**

**Цæгат Иристони зæнхæбæл тугъдтити рæстæг Николай Василийи фурт Попов адтæй 10-аг гвардион æхсæн бригади штаби оперативон хайади хецауи агъазгæнæг, фæстæдæр ба разамунд лæвардта аци хайадæн. Фæстугъд бацæттæ кодта æ имисуйнæгти киунугæ «На терских и кубанских рубежах». Æма уордигæй абони мухур кæнæн хецæн скъуддзæгтæ. Дзубанди си цæуй Сурх-Дигорæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнуни сæрбæлтау тугъдон цауи туххæй.**






# КАРЗÆЙ-КАРЗДÆР ТОХИ ÆХСИСТÆЙ СУРХ-ДИГОРИ ТУГЪДОН НАМУС

Цæгат Иристони зæнхæй немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ рæстæгмæ ци рауæнтæ байахæстонцæ, уони дзæвгарæ хай си знагæй исуæгъдæ кæнгæй, бригади хæйттæ 1942 анзи 26 декабри хæстæг бацудæнцæ Сурх-Дигори гъæумæ. Æрдзон хуарз уавæртæй æма Арфарæхъи къанауæй пайда кæнгæй, знаг æхе хъæбæр æрфедар кодта.

Сауæнгæ æ танкитæн дæр искъахта ауюнгæнæн бунæттæ æма размæмпурсæг советон æфсæддон хæйттæ æхстонцæ уордигæй: зæнхæ байдзаг кодта минитæй. Еци федарæн агъаз кодтонцæ иннæ гъæуайкæнуйнадон мадзæлттæ дæр.

Еу уæхæн гъæуайкæнуйнадон федар знагæн адтæй Чиколай æма Секери фалдзости дæр, æрæмбурд си кодта 1000 хуæдтолги æма 50 танки æнæ артагæй.

Знаги нихмæ не 'фсад ци атакитæ аразта, уонæй неци уадæй. Багъудæй размæ нимпурсунмæ лæмбунæгдæрæй бацæттæ кæнун. Арæзт æрцудæнцæ идардмæ уинæн фæлгæсæн пункттæ, сæ куст фæттухгиндæр кодтонцæ нæ тъасхæгæнгути къуæрттæ, кæцитæ бæрæг кодтонцæ, знаги гъæуайкæнуйнади федæрттæ кæмити æма циуæвæр æнцæ, уони. Уавæртæ исбæлвурд кæнгæй, хаст æрцудæй знаги нихмæ æртæ батальонемæй бампурсун галеуæрдигæй, рахесфарсæй ба атаки гъæуама цудайуонцæ 351-аг топпæйæхсæг дивизий хæйттæ. Æртæ боней дæргъи – 27 декабрæй ба 30 декабри уæнгæ – бригадæ еудадзуг архайдта карз тугъдтити. Минкъий гъæу Сурх-Дигорæ цалдæр хатти цудæй къохтæй-къохтæмæ, уæд æй мах исуæгъдæ кæнийанæ, уæдта бабæй æй знаг нæуæгæй байахæссидæ.

Не 'фсæдти атакитæн знаг дæр контратакитæ аразта. Гъæу сугъдæй къуар рауæнеми. Æ бацæуæнти хъуæцæ кодтонцæ сугъд танкитæ æма бронетранспортертæ. Будур еугурæй дæр фæцæй уони сау хъуæци буни.

Советон гвардионтæ тох кодтонцæ бæгъатæрæй æма æвæллайгæй. Лейтенант А.П. Синицыни ротæ атаки ку бацудæй, уæд ибæл знаг уайтæккæдæр уорадзагъд исаразта æ пулеметтæй. Ротæ æрхъан æй игон бунати æма æвзурста зиантæ.

Дзармадзанти агъазбæл зæрдæдарæн нæ адтæй, уомæн æма знаг ци дзотæй æхста, е адтæй ауюн рауæни. Дууæ æфсæддони – Николай Цибу æма Юрий Песков гранæтти хæццæ бурун байдæдтонцæ еци дзотмæ дууердигæй. Еугур ротæ дæр зæрдæхсайгæй кастæй бæгъатæрти архайдмæ, кæцитæ сæхемæ раздахтонцæ знаги пулемети æхст. Песков æхе нитъпъæпæн кодта зæнхæбæл. Цибу ба исхъæрттæй дзотмæ æма ибæл бантъухта æртæ гранати. Знаги пулемет фегуппæг æй. Ротæ æмхузонæй фестадæй атаки æма балæбурдта знаги федæрттæмæ. Роти хæццæ знаги дæрæн кодтонцæ бæгъатæртæ Цибу æма Песков дæр.

Коммунист лейтенант П.Е. Сухани 4-аг батальони ротæ еугурей разæй бампурста Сурх-Дигори гъæугæронмæ. Гитлеронтæ ибæл æртумугъ æнцæ фæрсæрдигæй æма 'й фæххецæн кодтонцæ батальони сæйраг тухтæй. «Æскъæппæги» уогæй, ротæ бони дæргъи нихкъуæрд равардта знаги фондз контратакемæн, ниппурхæ кодта цуппар танки æма еуæхсæзхæтæлон минометти расчет. Роти командир æхуæдæг ба рамардта инсæй фашисти.

Аци рауæн хъæбæрдæр фескъуæлхтæнцæ 3-аг батальони пулеметон роти пулеметчиктæ – сержанттæ Масухринов æма Бугаев. Етæ сæ «максимтæй» ниццагътонцæ дæс æма инсæй фашистемæй фулдæр, фегуппæг кодтонцæ дууæ пулемети; танкити нихмæ тохæг топпæйæхсгутæ Петр Тугий æма Иван Нагнойский ба ниппурхæ кодтонцæ дууæ танки.

Хестæр лейтенант И.Н. Найдини 3-аг батальони минометон роти фæцæнцæ минитæ, знаг ци федæртти æрбунат кодта, етæ пурхæгонд нæма 'рцудæнцæ, уотемæй. Роти командирæн тугъдонтæй еу фегъосун кодта, зæгъгæ, нæ тохæн бунæттæмæ хæстæггомау фæууидтон, знаг ке ниууагъта, уæхæн минометтæ æма минитæ. Уонæбæл фæххуæст уни туххæй унаффæ хаст æрцудæй уайтæккæдæр, æма знагæн æхе минитæ тæхун райдæдтонцæ сæхе сæртæбæл.

Еци бæнтти туххæй 1-аг батальони уæди командири хуæдæййевæг капитан М.П. Буторин уотæ имиста: «Сурх-Дигорæбæл тугъдтити ротити байзадæй 15-20-гай адæймаги, 29 декабри изæрæрдæмæ мах батальонæн 2-аг батальони хæццæ бантæстæй дуккаг хатт гъæумæ бампурсун. Гъудæй, ци рауæнтæ байахæстан, уонæми тагъд æрфедар кæнун æма знаги сæумон контратакитæн нихкъуæрд дæттунмæ цæттæ ун. Æнæгъæнæ æхсæвæ не 'фсæддон хæйттæ аразтонцæ гъæуайкæнуйнади мадзæлттæ. Фæллад уадзунмæ рæстæг нæ адтæй. Сæумæй командæгæнæн пунктмæ ку 'рбацудтæн, уæд мардау бахаудтæн æма æрфунæй дæн. Рагæпп кодтон æхсæзхæтæлон минометей æхсуни гъæр æма скъотмæ. Рауадтæн æма рауидтон, еугур хæдзæрттæ дæр куд содзунцæ, уой. Знаги фестæг тугъдонти дууæ батальони æма финддæс танки атакæ исаразтонцæ мах батальонбæл. Ротитæн уадзгæ 'рцудæнцæ сæ позицитæ æма рацудæнцæ фæстæмæ.

Сахатти фæсте батальон, агъазæн ка фæззиндтæй, еци танкити роти хæццæ бацудæй атаки. Тугъдонти еу хай рабадтæй танкити уæле. Знагæн нæ бантæстæй махонти нимпурст бауорамун. Сурд æрцудæй Сурх-Дигорæй.

Фал знаг уобæл нæ бандадæй, еци кæнæги кодта контратакитæ гъæу нæуæгæй æхе бакæнуни туххæй. Знаг лæдæрдтæй: гъæу æ къохæй фæццох уогæй, уоми ци берæ техникæ лæудтæй, артаг, етæ советон æфсæддон хæйтти амæттаг ке фæууодзæнæнцæ, уой.

Сурх-Дигорæбæл тугъдтити федардзийнадæ бавдистонцæ, кæстæр лейтенант В.С. Никитин ке сæргъи лæудтæй, еци тъасхæгæнгутæ. Етæ батальони хæйтти хæццæ раздæр бампурстонцæ гъæумæ. Фал ротитæ фæстæмæ рацудæнцæ, тъасхæгæнгутæ ба байзадæнцæ уоми. Æрфедар си уогæй, етæ истухтæнцæ знаги нихмæ. Фал тухтæ æмбæрцæ нæ адтæнцæ: аст тъасхæгæнæги фæллæудтæнцæ знаги роти нихмæ.

Уæдта ма сæ фæттæ дæр адтæнцæ фæуунбæл. Знаг гъавта нæ бæгъатæртæбæл æртеголæ ун. Фал Никитини бардзурдмæ гæсгæ етæ еугайæй бабурдæнцæ еу дорæй даст хæдзарæмæ æма си сæхе æрфедар кодтонцæ. Уордæмæ бацæуун знаги бон не 'ссæй. Куддæр фæззинниуонцæ, уотæ сæ не 'фсæддонтæ ниддæрæн кæниуонцæ.

Куд фæстæдæр, уотæ уавæр фуддæр кæнун байдæдта. Не 'ртæ тъасхæгæнæгемæй æртæ – Егоров, Клюев æма Богатенко фæццæфтæ 'нцæ. Богатенки хъаурæ ма адтæй æхсун. Банимадтонцæ сæ фæттæ. Байзадæй ма сæмæ бустæги минкъий, уотемæй ба сæ, ку фæттаргæ адтайдæ, уæд рампурсун гъудæй нæхеуонти 'рдæмæ. Уæдта сæ зæрдæ дардтонцæ хæдзари федар фæрстæбæл æма нæхе æфсæддон хæйттæбæл. Фал дузæрдуг ба кодтонцæ, кæми æма ци уавæри 'нцæ, уой нæхеуонтæ зонунцæ, уобæл.

*ӕгъӕрон ӕхсарӕ ӕма намус. Зӕгъӕн, батальони командир И.Диордица уоййасӕбӕл бӕгъатӕрдзийнадӕ ӕвдиста, ӕма 'й ӕ дӕлбарӕ тугъдонтӕ хонгӕ дӕр Чапай кодтонцӕ... Гъӕубӕстӕн хъӕбӕр хеуон иссӕй. Нӕ Уӕлахези 25-аг анзи бӕрӕгбони мадзӕлтти архайунмӕ Сурх-Дигорӕмӕ Кишиневӕй иссудӕй, адӕм ӕй хъӕбӕр цитгинӕй исиуазӕг кодтонцӕ.*



Бригади командир дӕлболкъон Н.Е. Терешков бардзурд равардта, ӕ бӕрни ма ци тухтӕ адтӕй, уони тохмӕ бакӕнуни туххӕй, цӕмӕй бӕлахи бахауӕг тъасхӕгӕнгутӕ уӕгъдӕгонд ӕрцудайуонцӕ, уой фӕдбӕл.

Дууӕ сахаттей дӕргъи нӕ тъасхӕгӕнгутӕ тох кодтонцӕ сӕхецӕй фулдӕр знаги хӕццӕ. Фӕццӕф ӕй сӕ еу – Бубликов. Ахид нӕбал ӕрцӕуидӕ ӕхемӕ. Фал ма сӕ командир Василий Никитин (уомӕн дӕр ӕ иуонг цӕф адтӕй), артиллерист сержант Иван Супронов, Хизир Хуштов ӕма телефонист Григорий Спасенов урӕдтонцӕ знаги.

Гитлеронтӕ ӕртумугъ ӕнцӕ бӕгъатӕрти хӕдзарӕбӕл ӕма сӕмӕ гъӕр кодтонцӕ:

– Уӕхе раттетӕ! Фӕцӕй уӕ цард!

Фал дзуаппӕн истонцӕ фӕттӕ.

Немуцӕгтӕ тургъӕмӕ 'рбазилдтонцӕ сӕ танкити нихмӕ тохӕн дзармадзан ӕма тӕккӕ фиццаг ӕхстӕн хӕдзари дуар листитӕ фестун кодтонцӕ. Не 'фсӕддонти амонд адтӕй, ӕма си некӕмӕн неци адтӕй. Дзармадзани фехстити фӕсте, сӕхе гъӕуайгӕнгӕй, гитлеронтӕ исаразтонцӕ атакӕ, фал не 'хсаргин тъасхӕгӕнгутӕмӕ, ци гранаттӕ байзадӕй, уони, уӕдта пулемети ӕхсти фӕрци бахъор кодтонцӕ. Хӕдзари рӕбун сӕ мӕрдтӕ фӕууадзгӕй, немуцӕгтӕ фӕффӕстӕмӕ 'нцӕ. Фал, етӕ адтӕнцӕ нӕ тугъдонти фӕстаг гранаттӕ, фӕттӕ ба – фӕуунтӕбӕл. Автоматтӕ басабур ӕнцӕ. Топпитӕн ба ма байзадӕй фӕйнӕ ӕртӕ фати.

Василий Никитин ӕма Хизир Хуштови рӕстъӕп ӕхстӕй пурхӕгонд ӕрцудӕй знаги дзармадзани расчет, фал ӕ фӕстаг ӕхстӕй исцӕфсун кодта хӕдзари сӕр. Хъуӕцӕ калдӕй хӕдзари хурфӕмӕ, иссугъдӕй тугур. Раталингӕ унмӕ ма гъудӕй сахат. Не 'фсӕддонтӕ ард бахуардтонцӕ удӕгасӕй сӕхе уацари нӕ раттунбӕл.

Уӕдмӕ бабӕй гъӕуи медӕгӕ райдӕдта тугъд ӕма хӕдзари рази фӕззиндтӕй нӕ танк, ӕ фӕсте ба нӕ фестӕг ӕфсӕддонтӕ. Тъасхӕгӕнгутӕ ци хӕдзари адтӕнцӕ, уой алливарс ка 'ртумугъ ӕй, еци гитлеронтӕ ледзӕги фӕцӕнцӕ.

Гъо, ӕфсӕддонтӕ ӕма афицерти бӕгъатӕрдзийнадӕн кӕрон нӕ адтӕй. Фӕццӕф ӕй роти командир, ӕ бунат ин байахӕста ӕ хуӕдӕййевӕг Анатолий Иванов. Е фестун кодта атакӕмӕ роти, дзармадзанти фӕтти, ӕхсӕзхӕтӕлон миномӕтти минити ихӕлдӕй ӕма пулемети къӕр-къӕрӕй кӕд ӕма тӕссаг адтӕй, уӕддӕр фиццӕгти разӕй байервазтӕй гъӕумӕ ӕма къохӕй-къохмӕ тохи рамардта дӕс фашисти.

Сурх-Дигорӕбӕл тугъдтити рӕстӕги не 'фсӕддонти разӕнгарддзийнадӕ ӕма удуӕлдайдзийнадӕ цӕйбӕрцӕбӕл ӕгъӕрон адтӕй, уомӕн ирд ӕвдесӕн ӕй е дӕр, ӕма уӕди уӕззау уавӕрти дзӕвгарӕ фӕфффулдӕр ӕнцӕ парти ӕма фӕскомцӕдесмӕ бацӕуни туххӕй курдиӕттӕ. Ӕма уонӕмӕ каст цудӕй еци фӕдбӕл, тох минкъий куддӕр басабур уидӕ, уотӕ. Ӕртиккаг батальони уогӕй, мах бацудан батальони командир майор Рудневи блиндажмӕ. Уоми ӕ куст кодта партион къамис. Адтӕй си бригади командири хуӕдӕййевӕг дӕлболкъон Король, партион къамиси секретарь капитан Мозолин, батальони командири хуӕдӕййевӕг, политикон кусти капитан Мякишев ӕма роти командири хуӕдӕййевӕг хестӕр лейтенант Песин. Партимӕ истонцӕ, фӕстаг тугъдтити ка фескъуӕлхтӕй, еци тугъдонти.

Капитан А.И. Мезин бакастӕй сержант Лихановi курдиадӕ. Уой фӕсте радзурдта хестӕр лейтенант Песин, кӕци лӕвардта Лихановӕн рекомендаци.

– Сурх-Дигорӕмӕ атаки, – дзурдта Песин, – сержант Лихановi хайадӕ бампурста раззӕгти хӕццӕ ӕма байахӕста хӕстӕгдӕр хӕдзарӕ. Знаги контратакӕ ку райдӕдта, уӕд Лиханов ӕ хайади хӕццӕ, хӕдзари сӕхе баримӕхсгӕй, хӕстӕг бауагъта знаги ӕфсӕддонти, уӕдта сӕбӕл никкалдта фӕттӕ фӕскъулдунӕй. Контратаки бацӕуӕг къуари еу хай ӕрцудӕй цагъд, иннӕ ба хӕлеугонд. Батальон нӕуӕгӕй бацудӕй атаки ӕма байахӕста цалдӕр хӕдзари гъӕугӕрони. Лиханов тугъди будури бавдиста, коммунист уни аккаг ке 'й, уой.

Сержант Лихановi райстонцӕ партий рӕнгъитӕмӕ кандидатӕй. Уой фӕсте ба дӕлболкъон Король партион билеттӕ равардта, партимӕ раздӕр ист ка 'рцудӕй, еци ӕфсӕддонтӕ ӕма командиртӕн. Кӕстӕр сержант Василий Козаченкойӕн партбилет дӕттӕгӕй, Король ӕртӕ хатти нихъхъури кодта цийнӕгӕнӕг тугъдони ӕма ин загъта:

– Нур ду коммунист дӕ! Лӕдӕрис, е ци ӕй, уой? Нур ду тохи еугурей разӕй гъӕуама цӕуай, ӕздӕхгӕ ба си фӕстаг ракӕнай.

Тагъд рӕстӕги коммунист, кӕстӕр сержант Василий Козаченко, бавдиста ӕ лӕгигъӕдӕ ӕма коммунистон фӕразондзийнадӕ. Знаги контратакӕн нихъхъуӕрд дӕттӕй, е, станокгин пулемет имӕ уогӕй, исфӕндӕ кодта, знаги куд гӕнӕн ӕма амал ес, уотӕ ӕхемӕ хӕстӕгдӕр ӕрбауадзун, цӕмӕй ӕнӕвгъауӕй ӕхстайдӕ, уой туххӕй.

